Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 23 (7866)
29 Май
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

Ахирисеб цIумур

## ГIумроялъул нухда нухал ритIаги!




**Гьал къоязда киса-кибего улкаялъул киналго бокIназдаго гIадин Унсоколо районалъул киналго школазул выпускиказги кьабуна ахирисеб цIумур.**

Роха-хинлъиялъул линейкабазда киналго школазда ахирисеб цIумур



кьаби ва гIумроялъул нухде иргадулаб гIолеб гIел тIобитIиялъул баркиял гьаруна школазул директораз, учительзабаз, муниципалипитеталъул жавабиял гIадамаз.

Выпускниказ гьенир гьаруна жидерго къо лъикI гьабиялъул ва баркалаялъул кIалъаял, гьез къьураб лъайгун тарбиялъухъ баркала загьир гьабуна учительзабазегун школазул коллективазе.

Школагун къо-лъикI гьаби щивасе ккола рохалилги пашманлъиялъулги асаралда гъоркь унеб тадбир. Гьеб даимгоялъе хутIула чиясул рекIелъ. ГIумроялъул нухда нух битIаги букIинисеълъул нухде тIоцебесеб гали тIамулел районалъул тIолалго выпускниказе!

Нуж руго г1умроялъул аслияб нухда. Т1урайги нужер киналго рек1ел мурадалгун анищал!

ЖамгIияб палатаялда

## Рищиял тIоритIана



Гьал къоязда букIана «Унсоколо район» МОялъул жамгIияб Палатаялъул ункъабилеб нухалда ахIараб заседание. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул Собраниялъул пред. М. Юсупов, бетIерасул замал Хъ- М. ГIабдухаликъов, М. ХIамзатов ва Ж. Шамсудинов.

Балагьиялде росун рукIана гьал хадусел суалал:
- ЖамгIияб Палатаяб председатель вищи;
- Палатаялъул председателасул замал рищи;
- ЖамгIияб палатаялъул комиссиял гIуцIи;
- Комиссиязул къадар бищи;
- ЖамгIияб палатаялъул председатель вищи.

Гьенирго гIенеккана Х. МухIамадзагьидовичасухъ, гьес цIалана палатаялъул членазул список.

ЖамгIияб палатаялъ цIидасанги председательлъун вищизе суал лъуна М. Бадиевич, 11 чияс гьаракьги кьун гьев цIидасан председательлъун вищана. Гьесул бихьизабиялда рекъон замлъун Х1. ХIамзатовги вихьизавуна.

Гьединго гIуцIана хадусел комиссия. Гьел ккола: экономинияб рахъалъ район цебетIеялъул,культура цебет1езабиялъул лъай кьеялъул, миллияб политикалъул туризм цебет1езабиялъул ва сверухълъи цIуниялъул.

Г1уц1ана гьединго г1адлу-низам ц1униялда хадуб хал кквеялъул комиссияги. Гьелъул председательлъун вищана К. Шахабудинов.

Гьенирго тастикъ гьарула комиссиязул председателал.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 23 (7866)
Хамиз 29 Май
2025 сон



## Щивгун сахлъи-бербалагьиялда хъоркь

2I маялда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана гьелъул хIалтIухъабазул сахлъиялъул даража борхизабиялъе медицинаялъул хал гьаби тIибитIи. Гьелъ рес кьезе буго хIалтIухъабазул гIузраби тIатинаризе. Гьеб тIобитIана хIалбихьи бугел врачаз, щивазул беразул давление, пульс, хал гьабуна рекIелгун бидурихьазул бугеб хIал лъазабизе. Балагьана ва температураялъухъ, хал гьабуна канлъул, рагIи рагIиялъул, балагьана киналго органазул бугеб хIалалъухъ.
РакI-ракIалъ гьабураб тIалабалъухъ нухмалъиялъ ва хIалтIухъабаз медиказе баркала загьир гьабуна.



# Парахатаб гIумро букIиналъе



Гьал къоязда районалъул администрациялда районалъул бетIерасул зам, М. ХIамзатовгун дандчIвана республикаялъул «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор Темирхан ХIалаковгун ва РДялъул информациялъул ва печаталъул Агенствалъул консультант Сусана Халиловагун. Аслияб кIвар дандчIваялда буссинабун букIана экстремизм терроризмалъул суалазда хурхун материалал къватIире кьеялде, гьеб рахъалъ СМИяз гьабулеб хIалтIуде.

Гьениб М. ХIамзатовас бихьизабуна районалда экстремизм терроризмалда хурхун цIикIкIарал захIмалъаби гьечIин. Гьес тIадчIей гьабуна нухмалъиялъ бугеб ахIвал-хIалалда хадуб хал ккун бугин ва районалда чIара- ккараб хIал ва хIинкъи гьечIолъи букIиналъе кинабго гьабулеб бугин.

Т. ХIасановас ва С. Халиловалъ лъикIаб къимат кьуна районалда гьеб рахъалъ гьабулеб информационияб хIалтIуде, бихьизабуна гьеб хIалтIул СМИялъулги властальулги х1асил кьолеб хIалтIи букIине ккелинги.

Ахиралда М. ХIамзатовас бихьизабуна медиалъул вакилзабигун цадахъ хIалтIизе ва районалда парахатаб гIумро букIинабиялъе кинабго гьабизе бугин.

ДандчIвай

# Лъелъ гъанкъарал ракьазул рахъалъ



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялда букIана лъелъ гъанкъарал ракьазул суалазда хурхун зарал ккарал гIадамазулгун дандчIвай. Гьелгун дандчIвана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва гъанкъарал ракьазул рахъал, администрациялъул специалист Ш. Шамсудинов.

ТIадехун рехсараб суалалда хурхун гIадамаз рахIат хвей лъазабулеб букIана зарал бец1ичIого хутIиялдаса хIинкъун. Гьез бицунеб букIана ракьазул суалаз жидерго сахлъиялъе гьабураб заралал. Унсоколо районалъул бетIер щивасухъ гIенеккана ва рагIи кьуна рецIел щвеялъе кинабго гьабилин.

БетIерасе дандчIвазе рачIараз баркала загьир гьабуна рагьараб дадчIваялъухъ, гьезулгун ракI-ракIалъулаб гара-чIвари гьабуралъухъ. Абуна рагьараб бухьеналда рукIа,-ян ва рецIалил суал тIубаялъе кинабго гьабилин рагIи кьуна.

## Активисты из Унцукульского района приняли участие в Параде наследников Победы в Махачкале




19 мая активисты Движения первых отметили День детских общественных организаций. Это важное событие собрало более двух тысяч активистов и наставников, которые принимали участие в Параде наследников Победы. Среди участников были и представители Унцукульского района. Они прошли по главной площади Махачкалы.

Парады такого рода имеют особое значение в воспитании патриотизма и уважения к памяти героев, и не удивительно, что такое количество людей собралось, чтобы продемонстрировать свою поддержку и преданность. Активисты в яркой форме и с флагами не только выразили свою гордость за страну, но и передали важные ценности, связанные с историей и подвигами предков.

Почётным гостем мероприятия стал герой Российской Федерации, председатель правления детского общественного движения «Первых» Артур Орлов. Его присутствие вдохновило участников и стало важным символом единства и патриотизма. Орлов отметил важность такой активности среди молодежи, подчеркнув, что именно они являются будущим страны и должны продолжать сохранять память о героизме и достижениях своих предков.



Такое мероприятие стало настоящим праздником для всех, кто принимал в нем участие, и демонстрацией готовности новых поколений следовать по пути своих предков, стремясь создавать будущее своей страны уже сегодня.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 23 (7866)
Хамиз 29 Май
2025 г



Садовод





## Энрик Муслимов: «Послание — это важный программный документ»



Министр по национальной политике и делам религий Республики Дагестан Энрик Муслимов прокомментировал предстоящее послание Главы Республики Дагестан Сергея Меликова.

«29 мая состоится ежегодное Послание Главы Дагестана Сергея Меликова Народному Собранию республики. Послание — это важный программный документ, который содержит детальный анализ текущей ситуации в республике и как стратегический документ определяет ключевые направления для дальнейшего развития региона и позитивные изменения в жизни его жителей.

Обращая внимание на предыдущие достижения, Глава республики эффективно формирует перспективы и задачи на будущее, которые имеют решающее значение для повышения уровня жизни и безопасности жителей республики. В своем послании Глава республики подчеркивает как успехи, так и вызовы, стоящие перед регионом, а также ставит конкретные задачи для органов власти.

В частности, он дает оценку социально-экономической ситуации в Дагестане, обращая внимание на динамику развития ключевых отраслей, при этом подчеркивая важность безопасности и стабильности в регионе.

Фундаментальное значение в позитивном развитии региона имеет многовековое наследие межнационального и межконфессионального мира и согласия в Дагестане, сохранность которого в это непростое время ложится на плечи власти и общества. Послание Главы республики в этом контексте является важным шагом на пути к лучшему будущему для каждого жителя Дагестана».

## Безопасность на водных объектах в купальном сезоне 2025 г

Сегодня в администрации города Махачкалы прошло важное совещание, посвященное вопросам обеспечения безопасности граждан на водных объектах Республики Дагестан в рамках купального сезона 2025 года.

Под руководством заместителя главы города Шамиля Меджидова собрались ключевые специалисты, включая руководителя Махачкалинского инспекторского участка центра ГИМС ГУ МЧС России по РД Магомеда Магомедова, а также представителей местного УМВД и Роспотребнадзора.



В своем вступительном слове Шамиль Меджидов акцентировал внимание на том, что безопасность людей на водных объектах является одной из приоритетных задач, особенно в период массового отдыха, туризма и спортивных мероприятий. Он подчеркнул необходимость комплексного подхода к решению существующих проблем в этой области.

Директор МКУ «Городской пляж» Рашид Исмаилов сообщил о ходе благоустройства городского пляжа и подготовке к купальному сезону. По его словам, ремонтные работы ведутся в соответствии с установленным графиком.

Заместитель начальника отдела ЗНиТ МКУ «Управление по делам ГО и ЧС» Алав Салихов представил доклад о мерах, принимаемых для обеспечения безопасности на водных объектах. Он рассказал о разработанном плане мероприятий, направленном на предотвращение несчастных случаев и травм в местах массового отдыха.

Салихов также отметил, что, согласно Постановлению администрации от 29 июля 2015 года, установлены требования к благоустройству и безопасности мест отдыха на воде.

В частности, на пляжах будут организованы добровольные спасательные посты численностью от 4 до 6 человек, а также медицинские пункты с квалифицированным персоналом. Кроме того, на всех пляжах будут размещены предупреждающие знаки о запрете купания в необорудованных местах.

Таким образом, городская администрация активно работает над созданием безопасной среды для отдыхающих, стремясь минимизировать риски и обеспечить комфортный отдых на водоемах столицы республики.

# Карица

Карицаялъул цо чай гъуд къойида жаниб гьекъани бидулъ сахаралъул къадар гIемерго гIодобе ккола.

Гьелъ къуват кьола черхалъе ва щула гьабула ракI. Гьединго карица гьекъезе бегьула кванирукъ унтун бугони, ай хроническияб гастрит бугони.

Карицаялъ лъикIаб асар гьабула гIумроялъул бокьараб ригьалда, цIакъго гьеб лъикIаб буго рухI-хIал дагьлъарал, ригь арал гIадамазе. Гьелъ чорхое лъикIаб къуват кьола. Гьелъ кутакалда кумек гьабула грипп щун бугони, щекъер унтун бугони, бахъула ччорбазул спазмаби, бронхиалияб астма, тIомол унтаби. Кванирукъ лъикI хIалтIулеб гьечIони захIматаб квен бигьиналъе кумек гьабула, газал ургьимесалда жанир чIезе толаро, гьелъул хIунси лъугIизабула.



* Чорхол цIайи гIодобе ккеялъе гьекъе (I/2 чайгъуд цо стакан кефиралда гъорлъги жубан). Цойги батIияб къагIидаялъ гьеб жубазабе дагьабго къадар гьоцIогун (I/2 чайгъуд карицаялъулги бан)

*Квачалъул унтуде данде хIадуризе бегьула гьадин. Гьализабе 200 мл. лъел дагьабго карицаги бан, гъорлъе рехе цо гвоздикаги ва цIуй, жубай бацIцIадаб гьоцIогун, тIаде тIинкIе лимон къанцIураб жо, гьекъе бухIилаго.

* Грипп щунгутIиялъе къойида жаниб кIиголъабго нухалъ хинаб чаялъулъе бан гьекъе. Гьебгун жубазе бегьула дагьабго гьоцIо ва перец.

* ЦIикIкIараб кислотность бугеб гастириталъе 400 мл. лъим гьализабе, бай цо гъуд карица, дагьаб мехалъ те, гьеб 4 нухалъ гьекъе, къойида жаниб кваналалда цебе.

# Илбисищ къуватаб нилъищ загIипал?

АлхIамдулиллагь, БетIергьанасул рахIматалдалъун нилъее жакъа ресал щун руго исламияб институтазда ва мадрасабазда гIелму лъазабизе, бокьухъе мажгиталда жаниб ТIадегIанасе гIибадат гьабизе. Амма гьелдаса пайда босулезул къадар дагьаб буго. Щай? Щайгурелъул шайтIаналъ малъулеб берцин бихьулеб буго нилъер нафсалда. Аллагьасе гIоло гIибадаталъе чIедал хехго макьу речIчIулел нилъеца бигьаго борчIулеб буго сордо интерфейсталда жанир лъугьун яги телевизоралъухъ балагьун. Дуниялалъул боцIуе гIоло къецал руго бусурбабазда гьоркьор унел. Масала, росуцояз шагьаралда квартира босани,



цогидазги байбихьула гIарац данде рехизе, шайтIаналъ чIухIи бижизабулеб буго гьезул ракIазулъ: гъосул бугеб мехалъ шагьаралда квартира дир щай букIине бегьулареб?,- абун. Дуниялалъул рокъобги рекъараб, хасго ахираталда пайда цIикIкIараб садакъа гьабичIого, жинде гIемер хIажалъиго гьечIеб квартира босулеб буго шагьаралда.

ТIадегIанисес тIадегIанаб гIакълуги кьун кIодо гьарурал нилъеда щай лъикIабги квешабги батIа бахъизе лъалеб гьечIеб? Щай нилъер шайтIан къезабизе къуват гIолареб?

ТIоцебесеб иргаялда Аллагьасул амру теялъ, аварагасул (с. т. гI. в.) суннат цIунуларого букIун, хIадисазде гIамал гьабунгутIиялъ, хIалалаб кваналеб гьечIолъиялъ, дунял хиралъиялъ…

Телевизоралъусан сериалазухъ балагьун ругьуназ какил гIуж унеб бугониги реклама байбихьичIого гьеб балеб гьечIо. ГIужда бараб камилаб какил кири кутакалда кIудияб бугилан аварагасул (с.т.гI.в.) хIадис лъалеб букIаниги. Гьеб жо кколеб буго калам тун шайтIаналъе мукIурлъи. Цо херав чияс абуна: гьаб телевизорги интернетги кIиябго илбис бугилан. Дица гьесие жаваб гьабуна илбисал ратичIони гьелъул заместителал рукIин мухIканаб бугилан. ГIарацги кьун росун рокъор шайтIаби «хьи-хьи» цIодорал чагIазул пиша гуро. Дица гьедин абиялъе гIилла буго пайдаялдаса гьез зарал цIикIкIараб гьабулеб бугелъул.

Аварагги (с.т.гI.в.) асхIабзабиги цадахъ рачIунаго циндаго гьезда пасатаб балканалъул махI чIван буго, магIазукъалалги къан ккун галабиги хехлъизарун балканалдаса рикIкIалъидал Аварагас (с. т. гI. в.) асхIабзабазда гьикъун буго: бокьанищ нужее гьадаб махIилан. Я Бичасул авараг балканалъул махI бокьулев чи вукIунаро,-ян жаваб кьун буго гьез. «ХIажалъулелдаса тIаде дуниялалъул боцIи данде гьаби, хIакълъунго, Аллагьасда аскIоб балкан буго»,-ян бицун буго аварагас (с. т. гI. в.) ХIасилул калам нилъеца къиматаб заман дуниялалъул ишазде машгъуллъун инабулеб буго, ахират бачIине букIинги кIочон тун. РахIманас нилъ киналго лъикIалде кантIизареги!

**ГЪАЗИМУХIАММАДИЛ МухIаммад-хIажи, Балахьуни росу**

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензи-руются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 29. 05. 25 г. 16. 15 фактически -17. 30 мин.
....................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.